

North Carolina: FEMA Kontinye Travay ak Sivivan Helene pou Elijiblite pou Asistans Abri Tranzisyonèl.

Release Date: Janvye 20, 2025

HICKORY, N.C. – Wikenn sa a, FEMA te kòmanse kontakte sivivan Tanpèt Tropikal Helene yo ki te rete nan chanm otèl FEMA peye yo pou asire yo kontinye bezwen pwogram Asistans Abri Tranzisyonèl.

Pwogram abri akoutèm peye pou chanm otèl pou pwopriyetè kay ak lokatè ki deplase akoz Helene pandan y ap jwenn solisyon lojman pèmanan oswa fè reparasyon nan kay yo. Jouk jounen jodi a, prèske 13,000 fanmi sivivan nan pati Iwès Kawolin di Nò te itilize pwogram nan. Yon pati kle nan jesyon pwogram lan se revize kalifikasyon. Revizyon sa yo fèt chak de semèn epi asire ke chanm ki disponib yo ap itilize pa moun ki nan bezwen.

"Mwen vle klè, pwogram sa a p ap fini pou Iwès Kawolin di Nò," te di Ofisyé Kowòdinasyon Federal Brett Howard. "Nou konprann gwo bezwen sivivan yo genyen nan moman sa a epi pwogram sa a pral dire toutotan sa nesesè. Sa te di, longè kalifikasyon pou yon sivivan endividyèl ap baze sou sikontans endividyèl yo. Anplwaye FEMA ap travay chak jou ak sivivan yo ak sou ka yo pou ede yo jwenn solisyon lojman pèmanan."

Akòz sikontans atenyant yo nan Iwès Kawolin di Nò, reprezantan FEMA yo pral rele nenpòt sivivan ki ka vin pa elijib, pou yo travay avèk yo epi pou yo ba yo plis tan pou yo kite chanm otèl yo. Kounye a, Olye de sèt jou, sivivan ki pa elijib ankò pou pwogram nan ap gen yon avi twa semèn.

Kondisyon sa yo endike yon sivivan oswa yon kay pa bezwen asistans sa a ankò:

- Yon enspeksyon kay te endike pa gen okenn domaj elijib nan yon kay oswa inite lokasyon ki te koze pa Helene.
- Yon enspeksyon kay te detèmine kay yo abitab kounye a.



FEMA

Page 1 of 2

- FEMA pa t kapab, apre plizyè tantativ nan men travayè sosyal oswa enspektè, pou l jwenn sivivan an.
- Yon sivivan rate plizyè enspeksyon kay.
- Yon sivivan te soti nan pwogram Asistans Endividylè FEMA a.
- Yon sivivan te sanzabri anvan katastwòf la.

Apre yon revizyon sou kalifikasyon FEMA a, sou 2,700 kay yo te tcheke yo, apeprè 740 pa elijib ankò pou rete nan pwogram TSA a. FEMA an kontak ak moun sa yo pou fè yo konnen yo pa elijib ankò e yo bezwen demenaje. Si nenpòt fanmi santi yo elijib e ke yo bezwen rete nan pwogram lan, nou ankouraje yo kontakte nou imedyatman.

Sivivan ki toujou bezwen asistans pou rekiperasyon yo ta dwe rete an kontak ak FEMA pou bay mizajou regilye sou sitiyasyon lojman yo epi aktyalize enfòmasyon kontak yo, pou pwosesis rekiperasyon yo pa retade. Nenpòt moun ki te resevwa yon notifikasyon epi ki toujou bezwen asistans lojman, ta dwe rele liy asistans lan nan 800-621-FEMA (3362) oswa vizite yon Sant Rekiperasyon Dezas. Ou pa bezwen yon randevou epi pou jwenn sant sa yo, ale sou fema.gov/drc oswa voye tèks "DRC" ak yon kòd postal nan 43362.

FEMA te bay plis pase \$316 milyon dola nan sibvansyon lajan kach bay sivivan yo ki nan pati Lwès Kawolin di Nò, ki gen ladan plis pase \$6.2 milyon dola nan asistans pou lokasyon. Administrasyon Ti Biznis Ameriken an te apwouve tou plis pase \$213 milyon dola nan prè a ba enterè pou ede sivivan yo. Prè sa yo se enterè 0% pou premye ane a. FEMA, eta Kawolin di Nò, lòt ajans federal ak òganizasyon volontè kontinye travay ak fanmi yo pou ede yo kòmanse rekiperasyon yo.



FEMA

Page 2 of 2